दिन—सोमवार दिनांक—14.10.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

भारतीय रिजर्व बैंकक गवर्नर शक्तिकांत दास कहलनि जे भारत एक विश्वस्तरीय डिजिटल सार्वजनिक अवसंरचना विकसित कऽ लेलक अछि। ई अवसंरचना उच्च गुणवत्ताक डिजिटल वित्तीय उत्पाद सभक विकास मे सुविधा प्रदान कयलक अछि। श्री दास आइ नव दिल्ली मे आरबीआई एट नाइन्टी(90), उच्च स्तरीय सम्मेलन के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे देश आब विश्वक तेसर महत्वपूर्ण जीवंत स्टार्टअप पारिस्थितिकी तंत्रक केन्द्र बनि गेल अछि। एत एक लाख चालीस हजार सँ बेसी स्टार्टअप आ एक सय सँ बेसी यूनिकॉर्न अछि। डिजिटल मुद्राक प्रयोग पर रिजर्व बैंकक गवर्नर कहलनि जे केन्द्रीय बैंक डिजिटल मुद्रा— सीबीडीसी सीमापार निर्बाध भोगतान करबाक संभावना रखैत अछि।

---

राजगीर खेल परिसर मे एगारह सँ बीस नवम्बरक मध्य आयोजित होबयवला महिला एशियन हॉकी चैंपियन्स ट्रॉफी के लऽकऽ आइ सँ प्रदेश मे ट्रॉफी गौरव यात्रा प्रारंभ भेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पटना मे एहि यात्रा के हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। ई यात्रा दस नवम्बर धरि बिहारक सभ जिलाक संगहि पंजाब, हरियाणा, ओडिशा आ झारखंड सँ गुजरत। एहि यात्राक माध्यमे हॉकी के प्रति जनजागरूकता बढ़ाओल जायत।

---

सुप्रीम कोर्ट कोरोना वैक्सीनक कारणे रक्तक थक्का जमबा एहेन दुष्प्रभावक आरोप लगबैयवला एक जनहित याचिका खारिज कऽ देलक अछि। प्रधान न्यायाधीश डी.वाई.चन्द्रचूड के अध्यक्षतावला खण्डपीठ कहलक जे ई याचिका मात्र सनसनी उत्पन्न करबाक लेल दायर कयल गेल छल।

---

उपभोक्ता मामिलाक मंत्री प्रह्लाद जोशी कहलनि जे पछिला दस वर्ष मे भारतीय मानक ब्यूरो बीआईएस द्वारा लगभग सात सय बत्तीस उत्पादक लेल एक सय पचास सँ बेसी

गुणवत्ता नियंत्रण आदेश अधिसूचित कयल गेल अछि। नव दिल्ली मे विश्व मानक दिवस कार्यक्रमक अवसर पर ओ जनालनि जे राष्ट्रीय मानकक कार्यान्वयन के सरकार द्वारा सर्वोच्च प्रथमिकता देल गेल अछि। श्री जोशी उपभोक्ता सभ सँ बीआईएस मार्कवला उत्पाद सभक उपयोग करबाक आग्रह कयलनि।

———————————————————

केन्द्रीय संचार मंत्री ज्योतिरादित्य सिंधिया कहलनि जे भारत मात्र बाईस मास मे सभ राज्य आ केन्द्र शासित प्रदेश मे अस्सी प्रतिशत आबादी के कवर करैत फाईव–जी दूरसंचार सेवा शुरू कऽ देलक अछि। नव दिल्ली मे पांचम वैश्विक मानक संगोष्ठीक उद्घाटन सत्र के संबोधित करैत श्री सिंधिया ई बात कहलनि। ओ जनौलनि जे फाईव–जी नेटवर्कक प्रसार सँ दू हजार चालीस धरि अर्थव्यवस्था मे चारि सय पचास मिलियन अमेरिकी डॉलरक निवेश होयबाक उम्मीद अछि। श्री सिंधिया कहलनि जे भारत आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस, ब्लॉक चेन, स्मार्ट सिटीज आ ओपन सोर्स टेक्नोलॉजीक भविष्य के आकार दऽ रहल अछि।

———————————————————

केन्द्र सरकार केन्द्रीय मंत्री आ लोक जनशक्ति पार्टी, रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवानक सुरक्षा बढ़ा देलक अछि। हुनका आब जेड श्रेणीक सुरक्षा भेटत। एखन धरि चिराग पासवानक सुरक्षाक दायित्व एसएसबी सम्हारि रहल छल।

———————————————————

प्रदेशक अधिकतर भाग मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग जनौलक जे अगिला तीन दिन धरि अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तनक संभावना नहि अछि। विभागक अनुसार पछवा हवाक प्रभावे अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे कमी होयत। एम्हर पछिला चौबीस घंटाक दरमियान पैंतीस दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग बेगूसराय राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल।

———————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति अगिला वर्ष होबयवला मैट्रिक आ इंटरमीडिएटक परीक्षाक लेल फॉर्म भरबाक अंतिम तिथि बढ़ा देलक अछि। छात्र आब विलंब शुल्कक संग एक्कैस अक्टूबर धरि फॉर्म भरि सकैत छथि।

———————————————————

समस्तीपुर रेलमंडल अतंर्गत दरभंगा बाईपास नव रेल लाईनक काकरघाटी सँ शीशो स्टेशनक मध्य नवनिर्मित रेल लाईन पर मालगाड़ीक परिचालन आरंभ भऽ गेल अछि। रेलवेक आधिकारिक सूत्र जनौलक जे एखन एहि रेल लाईन पर मालगाड़ीक परिचालन होयत। दरभंगा बाईपास लाईन तैयार होयबा सँ रक्सौल, जयनगर, सीतामढ़ी आ नरकटियागंज जयबाक लेल दरभंगा भऽकऽ ट्रेन नहि जायत। आब सरायगढ़ सँ निर्मली–झंझारपुर होइत ट्रेन रक्सौल, जयनगर, सीतामढ़ी धरि जायत।

———————————————————————

लखीसराय जिलाक मेदनी चौकी क्षेत्र अंतर्गत हैवतगंज मे अपराधी सभ एक शिक्षक के गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक। एहि मामिला मे पुलिस प्राथमिकी दर्ज कऽ अपराधी सभक गिरफ्तारीक लेल छापामारी कऽ रहल अछि।

———————————————————————

समाप्त